



Pou Piblikasyon Imedya: 13/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APEPRÈ 16 MILYON DOLA POU AMELYORE
PWOTEKSYON AK SEKIRITE ÒGANIZASYON YO KI GEN RISK SIBI KRIM
RAYISANS**

*Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta New York la bay 327 sibvansyon pou 205
òganizasyon*

*Avèk sibvansyon sa yo, Pwogram Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans lan
te bay 83.1 milyon dola pou plis pase 600 òganizasyon ki gen risk pou yo sible yo
akòz ideyoloji, kwayans oswa misyon nyo depi 2017*

*Bidjè adopte ane fiskal 2023 a elaji resous pou sib krim rayisans yo, repati 25
milyon dola pou sibvansyon epi ogmante limit ranbousman pou viktim yo nan
2,000 dola*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nan yon rasanbleman kont krim rayisans nan Queens College apeprè 16 milyon dola nan sibvansyon pou ranfòse mezi pwoteksyon ak sekirite nan bilding òganizasyon san bi likratif yo posede ak jere ki gen risk pou sibi krim rayisans oswa atak akòz ideyoloji, kwayans oswa misyon yo. Yon total 205 òganizasyon te resevwa 327 sibvansyon ki disponib atravè pwogram Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans (Securing Communities Against Hate Crimes, SCAHC) nan eta a epi ke Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) eta a administre. Finansman an pral pèmèt sinagòg, legliz, lekòl relijye, òganizasyon sivik ak lòt òganizasyon san bi likratif yo sekirize etablisman yo ak pi byen pwoteje moun ak fanmi y ap sèvi yo. Anplis de sa, bidjè adopte ane fiskal 2023 a repati 25 milyon dola pou sibvansyon epi ogmante limit ranbousman pou viktim krim rayisans yo nan 2,000 dola

"Divèsite Eta New York se fòs nou, sepandan twòp Nouyòkè kontinye viv nan laperèz epi jodi a nou di sa sifi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Rayisans, rasis ak egzenofobi pa gen okenn plas nan Eta nou an epi finansman enpòtan sa voye yon mesaj klè ke New York kanpe inifye kont moun k ap chèche seme rayisans ak divize nou".

Bidjè Eta Ane Fiskal 2023 a repati 25 milyon dola pou sibvansyon Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans (SCAHC). Anplis de sa, benefis yo pral elaji pou viktim krim

rayisans yo, ki pral kounye a kapab jwenn jiska 2,500 dola nan ranbousman - yon ogmantasyon 2,000 dola konpare ak ane pase yo. Epitou, nan kad refòm sekirite piblik ak jistis kriminèl yo ki te adopte nan bidjè a, tout krim rayisans yo ki pa elijib pou arestasyon kounye a pral vin elijib pou arestasyon si moun nan gen dizwit ane oswa pi gran.

Benefisyè sibvansyon sa yo gen etablisman nan 28 konte nan chak rejyon nan eta a. Òganizasyon ki pa te resevwa finansman anvan sa oswa sila yo ki pa te resevwa finansman pou yon etablisman espesifik oswa plizyè etablisman te elijib pou aplike pou finansman sa. Sibvansyon maksimòm lan se te 50,000 dola chak pou pa plis pase twa etablisman, pou yon prim maksimòm 150,000 dola. Finansman an ka itilize pou amelyorasyon nan sekirite enteryè oswa eksteryè tankou alam, bouton panik, kloti, vè ki p ap kase ak sistèm sonorizasyon, pami lòt. Finansman yo ka itilize tou pou kouvri depans ki asosye ak fòmasyon nan sekirite.

Sa gen ladan sibvansyon yo ki anonse jodi a, anviwon 83.1 milyon dola nan finansman total te bay ak plis pase 600 òganizasyon san bi likratif pou sipòte anviwon 1,700 pwòje depi lè pwogram nan te kreye an 2017.

Jan lwa eta a defini sa a, krim rayisans yo sible moun, gwoup moun oswa pwopriyete akòz yon pèsepsyon oswa kwayans sou ras, etnisite, sèks, oryantasyon seksyèl, relijyon oswa lòt karakteristik. Pandan kantite total ensidan sou krim rayisans yo ke lapolis nan tout eta a te rapòte se yon fraksyon tout krim ki rapòte yo, krim sa yo afekte negativman tout kominote yo, pa sèlman moun oswa enstitisyon yo vize yo. Eta New York siveye ensidan sa yo pou idantifye tandans ak mezi ki abòde oswa anpeche yon ogmantasyon nan atak yo.

Done preliminè, nan tout eta a pou 2021 montre yon gwo ogmantasyon nan ensidan krim rayisans yo: 778 an 2021 konpare ak 497 an 2020. Moun ak enstitisyon Jwif, Nwa, Azyatik ak LGBT te plis sible epi ensidan sa yo te kontribiye pou ogmantasyon nan tout eta a. 778 krim rayisans se sa ki te plis rapòte pandan peryòd 10 ane soti 2012 rive 2021. Se te sèlman dezyèm fwa pandan peryòd tan sa ke ensidan total yo depase 700; te gen 734 krim rayisans ki te rapòte an 2012.

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, Rossana Rosado, te deklare, "Yon krim rayisans kont yon Nouyòkè oswa òganizasyon se yon krim kont tout Nouyòkè. Mwen fyè de wòl ajans mwen an nan administre finansman sa epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li pou ede asire yon New York ki divèsifye, dinamik ak sekirite pou tout rezidan li yo".

[Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl](#) (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta a bay sipòtan ki enpòtan pou tout fasèt sistèm jistis kriminèl eta a. Ajans lan bay fòmasyon dirèk pou lapolis ak lòt pwofesyonèl jistis penal yo; sipèvize yon pwogram akreditasyon lapolis; asire Breathalyzer (tès alkòl) ak ekipman pou fè respekte vitès yo ke lapolis lokal yo ap itilize fonksyone kòrèkteman; jere finansman sibvansyon jistis penal; analize enfòmasyon sou krim ak pwogram nan tout eta a; bay sipò nan rechèch; sipèvize

depatman pwobasyon konte yo ak altènativ nan pwogram prizon yo; ak kowòdone politik jistis pou jèn yo.

Ajans lan kenbe dosye istorik kriminèl Eta New York ak fichye anprent yo epi reyalize verifikasyon antesedan kriminèl pou travay ak lisans. Ajans lan administre Rejis Agresè Seksyèl Eta a; Sant Echanj Enfòmasyon sou Moun ki Disparèt; bankdone DNA an koperasyon avèk sant investigasyon mediko-legal lapolis Eta New York, epi bay sipò ak pèsonèl la pou nonmen yon fason endepandan komisyon ak konsèy yo, sa gen ladan Komisyon Eta New York sou Syans mediko-legal ki siveye ak akredite laboratwa mediko-legal yo, pami lòt responsabilite yo.

[Biwo pou Sèvis Viktim](#) Eta a finanse plis pase 200 pwogram atravè Eta a ki bay sèvis, sipò ak asistans pou viktim krim rayisans yo ak lòt krim. Ajans lan kapab bay moun ki elijib yo tou asistans finansye pou depans ki fèt akòz yo viktim krim rayisans oswa lòt krim. Vizite www.ovs.ny.gov/connect pou w jwenn yon pwogram.

Reprezantan Grace Meng te deklare, "Soti nan sekirite nan metwo ak krim rayisans ki ogmante rive nan vyolans ak zam san sans epi kriz sante mantal aktyèl la, New York bezwen ak merite tout resous posib pou konbat ogmantasyon nan krim. Sekirite piblik dwe kontinye se priyorite prensipal pou vil ak eta nou an. Tout moun merite santi yo an sekirite swa nan transpò piblik oswa lè y ap mache nan lari, epi mwen remèsye Gouvènè a dèske li priyorize pwoblèm sa".

Senatè Eta, Toby Stavisky, te deklare, "Jodi a, an solidarite avèk zanmi Azyatik, Jwif, Nwa, Latino, LGBTQ nou yo ak sila yo ki nan bezwen, nou itilize menm vwa pou nou pale. Nan vandredi, pandan pèp Jwif la ap obsève Pak, ki eksplike istwa eskapad anba esklavaj, nou sonje ke batay la poko fini. Kominote a fè fas ak rayisans regilyèman. Kominote Ameriken Azyatik la kontinye batay kont rasis, entolerans ak enjistis. Moun yo pa reyalize ke chomaj ap ogmante, moun yo fè fas ak ensekirite lojman ak alimantè epi pi gwo pousantaj povrete a se nan kominote Azyatik Ameriken an. Bidjè sa se repons nou kont rayisans".

Manm Asanble Nily Rozic te deklare, "Pandan ogmantasyon konstan krim rayisans atravè New York ap kontinye, pa gen plas pou konplezans. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li pran mezi reyèl, kredib pou prevni ak konbat krim rayisans nan New York. Nouvo finansman sekirite sa a pral kontribiye pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite. Nou pral kontinye poze aksyon jiskaske li klè yon fason enkontestab ke New York pa pral tolere rayisans oswa vyolans".

Manm Asanble Daniel Rosenthal te deklare, "Avèk pousantaj ensidans kriminèl ak antisemit k ap ogmante yo, Nouyòkè yo bezwen aksyon olye pil pale. Gouvènè Hochul te montre vrè lidèchip nan asire krim rayisans rejwenn ran lòt krim lèd ki elijib pou liberasyon sou kosyon. Pandan kèk mwa pase yo, Gouvènè a te itilize yon apwòch reflechi ak mezire pou sekirite piblik ki reflekte nan atansyon li pou fè New York tounen yon pi bon plas pou tout moun".

Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards Jr. te deklare, "Soti nan kominote Azyatik Ameriken ak Jwif nou yo rive nan kominote Sikh Queens, jan nou te wè nan jou pase yo, twòp fanmi te sibi piki douloure ak egi rayisans pandan de ane pase yo. Entolerans ak vyolans totalman pa etik ak valè nou yo kòm rezidan Queens epi kòm Nouyòkè, epi nou pa dwe kite anyen pase non sèlman pou anpeche krim rayisans men tou pou sipòte sila yo ki te sible oswa ke yo te touche akòz sa. Mwen remèsye Administrasyon Hochul la ak lejislati eta nou an dèske yo fè konba kont rayisans tounen yon priyorite prensipal, pandan n ap kontinye kanpe nan Queens kòm yon kominote inifye kont prejije nan tout fòm li".

Frank H. Wu, Prezidan Queens College, City University of New York, te deklare, "Nou santi nou onore anpil akòz Gouvènè Kathy Hochul te retounen pou pale nan Queens College sou gwo règleman yo ak pou lidèchip egzanplè li nan kanpe byen djanm kont viris entolerans, antisemit ak diskriminasyon k ap enfekte Eta ak Nasyon nou an. Nou remèsye espesyalman Gouvènè a ak lejislati a dèske yo negosye yon bidjè eta ki fè avanse anpil kapaiste Queens College ak edikasyon siperyè piblik la an jeneral pou prepare etidyan yo pou tounen lidè ki gen siksè nan sosyete nou an".

Jo-Ann Yoo, Direktè Egzekitif Federasyon Ameriken Dorijin Azyatik la, te deklare, "Semèn pase a, mwen te gen privilèj pou m rankontre avèk benefisyè Kanpay Espwa Kont Rayisans lan ke Gouvènè Hochul te rann posib avèk yon sibvansyon 3.3 milyon dola. Nou te selebre kòmansman travay pou monte pwogram sekirite ak edikasyon kominotè nan kominote nou an. Nou rekonesan pou nouvo investisman sa ke Gouvènè Hochul te fè ke òganizasyon san bi likratif, tanp adorasyon yo, òganizasyon sivik yo ak lòt òganizasyon kominotè esansyèl yo kapab itilize pou abòde bezwen sekirite enstitisyon presye ak vital nou yo".

Raben Joe Potasnik nan Konsèy Raben New York la, te deklare, "Konbat krim rayisans se yon responsabilite kolektif ak kominotè. Moun ki rayi mwen jodi a ap rayi ou demen. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li bay plis sipò fiskal pou sekirite enstitisyon nou yo ak bay jij yo plis diskresyon nan dosye krim rayisans yo. Nou menm ki gen diferan kwayans men ki se yon sèl fanmi kanpe ansanm lè nenpòt moun se yon viktim zak rayisans lèd sa".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)